# KEGEYLI DIYQANSHILIQ OAZISINIŃ ÓZLESTIRIW TARIYXI BOYINSHA QISQASHA MAǴLIWMAT

**Dalibaeva Nazixan Kewlimjay qizi**
**Mekeme: QMU magistratura bolimi**
**Taraw: Tariyx qanigeligi**
**https://doi.org/10.5281/zenodo.15347582**

**Tayanish sózleri**: kegeyli, oazis, agrar, ekonomika, industrial, diyqanshiliq, reforma, kollektor-drenaj.

**Annotaciya.** Kegeyli rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń oraylıq bóliminde, Ámiwdáryanıń tómengi aǵımınıń oń jaǵasında jaylasqan bolıp, ázelden suw hám jer resurslarına tiykarlanǵan diyqanshılıq jumısı ushın áhmiyetli aymaqlardan biri bolıp kelgen. Geografiyalıq jaylasıwı hám klimat sharayatı diyqanshılıq ushın imkaniyat jaratqan bolsa da, oypatlıqtıń tolıq ózlestiriliwi uzaq tariyxıy processlerde qáliplesken. Bul maqalada Kegeyli oazisiniń áyyemgi dáwirlerinen házirgi ǵárezsizlik jıllarına shekemgi ózlestiriw processleri tariyxıy derekler tiykarında analız qilindi.

**Tiykargi bólim.** Arxeologiyalıq izertlewlerge qaraǵanda, b.e.sh. I mıń jıllıqta Xorezm oazisi, sonıń ishinde, Kegeyli átirapında suwǵarılatuǵın diyqanshılıq payda bolǵan. Bul aymaqta dáslepki salma hám kanal sistemaları qurılǵan. Sol dáwirge tiyisli ossuariyler hám gúlalshılıq buyımları diyqanshılıq mádeniyatınıń rawajlanǵanlıǵınan derek beredi [1]. Eramızǵa shekemgi IV-III ásirlerde Xorezmde suw qurilmaları - kanallar hám jap tarmaqları qurilgan. Ásirese, Kelteminar mádeniyatı úlgileri bul processtiń rawajlanıw basqıshların kórsetedi. Bul bolsa óz náwbetinde Kegeyli átirapında xalıqtıń turaqlı jasaw tárizin támiyinlegen. [2].

Islam dáwiri (VII-XIII ásirler) Kegeyli oazisinde suwǵarıw sistemalarınıń jetilistiriliwi hám diyqanshılıq mádeniyatınıń jáne de jetilisiwi menen ajıralıp turadı. Shibliy ata kompleksi átirapında áyyemgi suwǵarıw sistemalarınıń qaldıqları bar. Arab tariyxshıları (al-Istaxriy, Ibn Havqal) óz shigarmalarında Xorezmde rawajlangan diyqanshılıq haqqında jazıp ótken. Jergilikli xalıq ózine tán diyqanshılıq usılların (bawıbaqsha jetistiriw, aylanba egin egiw) islep shiqqan. Biyday hám arpa tiykarǵı dán eginleri bolıp, suw támiynatı jaqsı jerlerde bawıbaqsha eginleri jetistirilgen [3].

Xiywa xanlıǵı dáwirinde (XVI-XIX ásirler) Kegeyli aymaǵında suwdan paydalanıw qatań tártipke salınǵan edi. Arnawlı suw basqarıwshıları-murabler tayınlanıp, suwdan paydalanǵanı ushın salıqlar óndirilgen. Xanlıq dáwirinde jerlerdi ózlestiriw hám suw imaratlarınıń qurılısı oraylasqan tártipte ámelge asırılǵan. [4]. Bul dáwirde de suwǵarılatuǵın jerlerdiń kólemi áste-aqırın keńeygen.

Sovet húkimeti jıllarında Kegeyli oazisi diyqanshılıǵı túp-tiykarınan ózgerip, industrial diyqanshılıq formasına ótti. 1930-jillarda iri irrigaciya joybarları turmısqa engizildi. Sonıń ishinde, Quwanıshjarma kanalı hám Dawıtkól suw saqlaǵıshınıń qurılısı nátiyjesinde jerlerdiń suwǵarılatuǵın maydanı keskin keńeydi. Shorlangan jerlerde kollektor-drenaj sistemaları qurıldı, bul bolsa suw támiynatın jaqsılap, diyqanshılıq ónimdarlıǵın asırdı [5]. 1930-1980-jıllar aralıǵında Kegeyli oazisinde suwǵarılatuǵın jer maydanı úsh esege kóbeydi hám diyqanshılıqtıń mexanizaciyalasqan forması qáliplesti.

Ózbekistan ǵárezsizlikke eriskennen keyin, Kegeyli rayonında agrar reformalar ámelge asırıldı. Burınǵi kolxoz hám sovxozlar ornında diyqan hám fermer xojalıqları qáliplesti. Jerge

iyelik etiw formaları túp-tiykarınan ózgerdi hám jer resurslarınan nátiyjeli paydalanıw ushın huqıqıy tiykarlar jaratıldı. Búgingi kúnde Kegeyli rayonında 20 mıń gektardan aslam suwǵarılatuǵın jerler bolıp, paxtashılıq, ǵálleshilik, bawıbaqsha jetistiriw hám baǵshılıq rawajlanbaqta. Ásirese, zamanagóy irrigaciya texnologiyalarınıń engiziliwi diyqanshılıq nátiyjeliligin asırdı [6].

**Juwmaq.** Kegeyli diyqanshılıq oazisiniń ózlestiriw tariyxı kóp basqıshlı hám quramalı process bolıp, ol tiykarınan tábiyiy sharayatlar, siyasiy sistemalar hám ekonomikalıq mútájlikler tásirinde qáliplesken. Áyemgi suwǵarıw sistemalarınan baslap, Sovet modernizaciyasına shekemgi hám ǵárezsizlik jıllarındaǵı agrar reformalarǵa shekemgi dáwirler Kegeyli oazisiniń rawajlanıwına úlken tásir kórsetti.

## References:
## Используемая литература:
## Foydalanilgan adabiyotlar:

1. Berdiev E. “Qadimgi Xorazm madaniyati”, Toshkent, 1972.
2. Qodirov A. “O‘rta asrlar sug‘orish tizimlari tarixi”, Toshkent, 1999.
3. Al-Istahriy. “Kitab al-Masalik wa-l-Mamalik”, Bag‘dod, x-asr
4. Said Ahmad. “Xiva xonligining iqtisodiy tarixi”, Toshkent, 2004.
5. “Qoraqalpog‘iston Respublikasi Qomusi”, Toshkent, 2000.
6. Boyto‘rayev S.U. va boshqalar. “Mustaqillik yillarida Qoraqalpog‘iston Respublikasi”, Nukus, 2022.

INNOVATIVE ACADEMY